

16

oktòb

Senyè a ba li de fwa lavalè tou sa li te genyen anvan an. Apresa, Senyè a beni Jòb plis pase jan li te fè l anvan an. Jòb 42. 10-12

Nou tande istwa andirans Jòb, pa vre ? Nou wè tout sa Senyè a fè alafen. Ebyen, se paske Senyè a gen anpil kè-sansib ak pitye. Jak 5. 11

Sou pèmisyon sèlman

Kòmansman liv Jòb la montre nou Satan nan mitan zanj yo ki parèt devan Bondye. Bondye pale ak li sou bonjan egzanp lavi Jòb. Satan fè konnen, si Jòb gen krentif pou Bondye, se paske Bondye ba li anpil byen : pitit, richès, li pa manke anyen. Senyè a reponn li : “Ou mèt fè sa ou vle ak byen l yo, *men* m tou pale ou, li menm, pa manyen li” (Jòb 1. 12). Lè sa a malè tonbe sou Jòb, ki pèdi dis pitit ak tout byen li yo yon sèl jou. Li te rete dwat nan mitan zeprèv yo.

Lè sa a, Satan di konsa ke Jòb rete fèm paske li toujou an sante. Bondye reponn li : “Ou mèt fè sa ou vle avè l. *Men*, pa touye l pou mwenn”. Lamenn, Satan fè yon maladi ki boule anpil tonbe sou Jòb (2. 7), kote ke li te menm anvi mouri.

Chapit sa dekouvri monn envizib la. Li montre nou ke Satan, lènmi lèzòm, sitou kretyen yo, li ka rive devan Bondye. Li deplwaye tout fòs li pou li annuiye, epi li gen anpil anpil pisans. Men, nou kapab remake :

- Se pa Satan ki kòmans konvèsasyon an, se Bondye.
- Lè Bondye bay Satan pouvwa sou Jòb, li ba li limit ki byen klè, ke Satan dwe respekte.
- Zeprèv Jòb la mennen yon gwo benediksyon. Se sa ke Bondye te wè depi nan kòmansman an. Finalman, se pou byen Jòb ke Satan te aji !

Pitit Bondye, nou pa gen anyen pou nou pè. Bondye se Papa nou, li renmen nou, e Satan pa kapab aji san pèmisyon li, anfen pou byen nou.

16

octobre

**L'Éternel donna à Job le double de tout ce qu'il avait eu...
Et l'Éternel bénit la fin de Job plus que son commencement.** Job 42. 10-12

**Vous avez entendu parler de la patience de Job, et vous
avez vu la fin accordée par le Seigneur – que le Seigneur
est plein de compassion et miséricordieux.** Jacques 5. 11

Uniquement sur permission

Le début du livre de Job nous montre Satan au milieu des anges qui se présentent devant Dieu. L'Éternel lui parle de la conduite exemplaire de Job. Satan prétend que, si Job honore Dieu, c'est parce qu'il est comblé : enfants, richesses, rien ne lui manque. L'Éternel répond : "Tout ce qu'il a est entre tes mains, *seulement* tu n'étendras pas ta main sur lui" (Job 1. 12). Les malheurs s'abattent alors sur Job, qui perd en un jour ses dix enfants et tous ses biens. Il demeure parfait dans l'épreuve.

Satan affirme alors que Job est resté ferme parce que sa santé n'a pas été touchée. Dieu répond : "Le voilà entre tes mains, *seulement* épargne sa vie". Et Satan frappe Job d'une maladie très douloureuse (2. 7), au point qu'il désire mourir.

Ces chapitres lèvent le voile sur le monde invisible. Ils nous révèlent que Satan, l'ennemi des hommes et particulièrement des croyants, a accès devant Dieu. Il déploie ses efforts pour nuire, et dispose d'une puissance redoutable. Néanmoins, remarquons que :

– Ce n'est pas Satan qui a l'initiative du dialogue, c'est Dieu.

– Lorsque Dieu accorde à Satan un pouvoir sur Job, il lui fixe des limites précises, auxquelles Satan doit se tenir.

– L'épreuve de Job aboutit à une immense bénédiction. C'est cela que Dieu avait en vue dès le début. À son insu, Satan a donc agi pour le bien de Job !

Enfants de Dieu, nous n'avons rien à craindre. Dieu est notre Père, il nous aime, et Satan ne peut agir que sur sa permission, pour notre bien final.